

Deklarasyon Enpak Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Skolè a

Tit la : Revizyon Regleman sou Prezans pou ane skolè 2021-2022

Dat la : 31 mas, 2021

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ? X Wi Non

Si repons la se wi, mete dat la (dat yo) pou reyinyon REPT yo ak lyen an pou w konplete REPT a isit la : [Plizye reyinyon depi septanm 2019 jiska mas 2021 ; REPT konplete isi a](#)

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? X Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire atenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun ki nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Espesyal) ?</i></p>	<p>Pwopozisyon sa a ap chanje regleman distri a sou afè prezans pou asire pratik ekitab e antirasis. Komite Konsiltatif distri a sou Prezans te mennen pwosesis revizyon dezan an, ki enkòpore ladan l yon angajman manch long pati enterese yo ak analiz done yo. Regleman prezans revize a ap pi byen aliyen avèk pratik antirasis sila yo ki soutni kilti ak lang elèv yo ke Lekòl Piblik Boston ap efòse l pou l kore. Plizyè nan eleman disiplinè ansyen regleman an te enpakte elèv nwa yo ak elèv latino yo ansanm ak elèv k ap aprann angle yo, ansanm ak sila yo ki nan Edikasyon Espesyal, nan yon fason dispwopòsyone.</p>
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Nouvo regleman an aliyen avèk angajman sa yo nan plan stratejik la :</p> <p>2,6 Redui absans kwonik nan fason n asire ke elèv yo jwenn akèy nan kèk sal de klas ki gen kè kontan ladan yo e ki angaje yo ak nan kèk sal de klas kote n kapab reponn a bezwen patikilye yo.</p> <p>2,7 Fè chak lekòl yon espas sekirite pou chak elèv Lekòl Piblik Boston, pou ofri sipò ak pwoteksyon nesese pou yo aprann, grandi, e evolye.</p>
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske l te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Done aktyèl ak done istorik yo konsènan elèv k ap pede absan, ki pa resevwa nòt pou kredi pou klas yo, epi ki sou wout/pa sou wout epi/oswa ki genyen laj/ki depase laj pou yo diplome, te dezagrege (separe) selon ras ak apatenans yo nan kèk lòt gwoup ki istorikman majinalize (ki istorikman aleka sosyete a). Analiz la montre absans kwonik ogmante pami popilasyon ki istorikman majinalize yo, pami yo elèv nwa e latino, ansanm ak enpak dispwopòsyone regleman disiplinè yo fè.</p>
<p>4. Angajman pati enterese yo <i>Kilès ki te angaje (kantite a, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, ak kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Dekouvèt done Komite Konsiltatif Prezans la te kwaze avèk kèk done kalitatif ki sot nan men gwoup pati enterese yo, pami yo dizon elèv yo antanke manm Komite Konsiltatif la, e atravè Fowòm Prezans Jenès yo nan bilding Bolling Building nan an septanm 2019. Anplis de sa, Konsèy Paran Tout Vil la te bay kèk kòmantè ak rekòmantasyon. Gwoup Travay Tranzisyon Lajenès la, yon gwoup ke Konsèy Endistri Prive Boston an reyini chak mwa e ki konpoze de kèk pati enterese kle, te ofri kèk kòmantè tou pandan tout pwosesis revizyon an. Anplis de sa, Biwo pou Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te etabli yon patenarya avèk nou pou l founi ekspètiz ak dekouvèt yo jwenn sou chan an, epitou reyini kèk gwoup pou revize regleman yo. Epitou lidèchip distri a, manm pèsonèl legal yo, ak</p>

	<p>manm pèsonèl Tribinal Lajenès Kanton Suffolk la te kontribye nan idantifikasyon kèk opòtinite pou reoryante regleman yo lwen eleman pinitif yo, pandan l ap aliye yo ak kèk pratik notasyon, disiplinè ki pi laj, ak kèk pratik enskripsyon ki pi laj.</p> <p>Elèv yo ak fanmi yo te eksprime enkyetid yo konstaman konsènan aspè pinitif regleman akyèl distri a sou prezans epi yo te dekri eksperyans yo te fè sou nivo lekòl yo tank regleman yo ap etabli.</p>
<p>5. Strateji yo pou Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplimantè k ap avanse ekite a pou l ale pi lwen ?</i></p>	<p>Pwopozisyon sa a ap elimine pwovizyon ki nan regleman prezans lan ki prezève inikite rasyal ak lòt inikite, pandan l ap itilize yon pwennvi ki genyen yon afimasyon pi kiltirèl e lengwistik pou prevansyon ak pou aktivite entèvasyon kont absans.</p> <p>Pou asire ke yon nouvo regleman enpleman avèk fidelite, dwe genyen yon mesaj klè e konstan bay elèv yo, fanmi yo, ak manm pèsonèl yo, ansanm ak yon adopsyon manch long kèk pratik prevansyon ak entèvasyon plizyè nivo bò kote tout lekòl yo. Anplis de sa, reoryantasyon regleman yo mande pou n mete yon fen nan depandans sou "menas" pinisyon pou fè elèv yo al lekòl la.</p> <p>San yon konsantrasyon entansyonèl sou bò pa lekòl yo pou yo atenn e angaje elèv yo, patikilyèman sila yo ki genyen yon kantite absans ki wo, genyen kèk elèv ak fanmi ki ka pa santi ke yo "bezwen" prezan lekòl. Malgre risk sa a, chanjman nan regleman yo aliye avèk atant distri a konsènan sansibilizasyon, prevansyon, ak entèvasyon nan afè prezans, ansanm ak yon reoryantasyon pou l itilize yon sistèm suivi ki pi kontanporè, tankou platfòm siksè elèv Panorama a.</p>
<p>6 Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjetè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite. Ki idantite gwoup ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Enpak bidjetè inisyal minim. Ansyen reòganizasyon Sipèvizè Prezans yo (SOA yo) pou konsantre sou aktivite nan chan yo, pami yo : sipò dirèk pou lekòl, elèv, ak fanmi, ansanm ak ekspansyon distri a pou plis travayè sosyal ak liyezou fanmi, va rann enplemantasyon yo ak sipò konsiltatif yo posib. Sepandan, pou n atenn reoryantasyon distri a pou l ekate l de pratik prezans pinitif yo, jan revizyon regleman an genyen entansyon fè sa, sa ap mande kominikasyon klè ant lidè ak manm pèsonèl yo ak manm Kabinè Egzekitif yo.</p>
<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Mizajou ak siveyans kontinyèl sou pwogrè k ap fèt yo, nan fason n itilize done kantitatif e kalitatif yo avèk Komite Konsiltatif Prezans lan, Konsèy Paran Tout Vil la, ak Gwoup Travay Tranzisyon Lajenès la.</p> <p>Konsantrasyon nou se enplemantasyon yon apwòch plizyè mòd pou angajman kominotè. Pratik varye e konstan ; ki soutni kilti ak lang elèv yo, ansanm ak etablisman plizyè fowòm pou kominote a angaje nan kèk fason diferan, epi angaje kèk pati enterese kominotè nan yon fason aktif nan kèk komite planifikasyon, ak gwoup travay, esansyèl pou strateji kontinyèl tout distri a sou afè prezans.</p>